



PWOSE VÈBAL OFISYÈL REYINYON ADISTANS REYINYON COMITE LEKÒL BOSTON

13 Jiyè 2022

Komite Lekòl Boston an te fè yon reyinyon adistans 13 jen 2022 a 5è p. m. sou Zoom. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan atik ki endike anba yo, vizite www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee, voye yon imèl bayfeedback@bostonpublicschools.org oswa rele Biwo Komite Lekòl Boston nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Komite Lekòl la ki te prezan: Prezidan Jeri Robinson; Vis Prezidan Michael D. O'Neill; Stephen Alkins; Brandon Cardet-Hernandez; Lorena Lopera; Rafaela Polanco Garcia; ak Quoc Tran.

Manm Komite Lekòl la ki te absan: Okenn.

DOKIMAN KI TE PREZANTE

Pwogram

Rapò Reyinyon yo: 8 jen 2022; 21 jen 2022 yo; ak 29 jen 2022

Rapò Siveyan pwovizwa PowerPoint

Total sibvansyon ki apwouve \$13,336,632

Prezantasyon Renouvèlman Horace Mann Charter

Aplikasyon pou renouvle kontra Boston Day & Evening Academy

Aplikasyon pou renouvle kontra Edward M. Kennedy Academy pou pwofesyonèl lasante

Aplikasyon pou renouvle kontra UP Academy Dorchester

Pwotokòl akò A ak plan responsabilite nan Akademi Green Boston

13 Jiyè 2022

Prezantasyon Manm Asosyasyon Atletik Entèskolè nan Massachusetts MIAA

Nòt Kouvèti MIAA

Deklarasyon enpak sou ekite MIAA

KÒMANSMAN REYINYON AN

Prezidan Jeri Robinson ouvri reyinyon an epi prezide sèman lwayote a. Madam Sullivan te fè apèl nominal la. Mesye O'Neill te rantre nan reyinyon an yon ti tan apre apèl la. Tout lòt manm yo te prezan.

Madam Robinson te di reyinyon aswè a t ap difize an dirèk sou Zoom. Li pral redifize sou Boston City TV. L apibliye egalman sou bostonpublicschools.org/schoolcommittee ak sou YouTube. Li te anonse sèvis entèpretasyon similtane te disponib nan lang espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, kantonè, mandarin ak lang siy ameriken. Entèprèt yo prezante tèt yo epi yo bay enstriksyon nan lang natif natal yo sou fason pou jwenn aksè nan entèpretasyon similtane lè yo chanje chanèl Zoom lan. Tradiksyon dokiman reyinyon an te publiye sou www.bostonpublicschools.org/schoolcommittee anvan reyinyon an kòmanse.

Madam Robinson te akeyi Doktè Drew Echelson, ki t ap prezide premye reyinyon komite l kòm Siveyan Enterimè Lekòl Piblik Boston yo. Li te remèsye Doktè Echelson dèske li te asire kontinite ak yon lidèchip remakab pandan peryòd pwovizwa sa a, pandan nouvo Siveyan Mary Skipper pase nan Somerville a Boston.

Madam Robinson te anonse komite lekòl la te pwograme yon sesyon egzekitif vandredi 15 jiyè nan objektif pou diskite sou negosyasyon kontra ak nouvo siveyan an. Komite a te pwograme tou plizyè reyinyon piblik nan mwa Out la e nan yon moman komite lekòl la pral vote kontra a piblikman pou siveyan kap vini an ansanm ak siveyan enterimè an.

Madam Robinson te anonse reprezantan komite etidyan an, Xyra Mercer, te aksepte nan United Way's Marian L Heard Scholars Program epi yo pral resevwa sipò finansye \$10,000 pou kat ane etid. Anplis de sa, moun ki resevwa bous yo jwenn pwòp "e-Coach" yo, yon volontè United Way ki bay konsèy ak sipò pandan tout pakou nan kolèj yo. United Way nan Massachusetts Bay ak Merrimack Valley te pran angajman pou yo bay an pwochen reprezantan elèv Komite Lekòl Boston yo sibvansyon Heard la toutotan yo kalifye. Madam Robinson te remèsye United Way pou sipò espesyal li anvè jèn Boston yo, ansanm ak ansyen Prezidan Komite Lekòl la Alex Oliver-Dávila, ki te inisye patenarya.

APWOBASYON RAPÒ REYINYON AN

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk rapò reyinyon komite eskolè a jiska 8 jen 2022; 21 jen 2022 ak 29 jen 2022.

13 Jiyè 2022

RAPÒ SIVEYAN PWOVIZWA

**Jan yo te prepare pou prezantasyon an.*

Mèsi, Madam Prezidan, pou entwodiksyon chalere sa. Se yon onè pou mwen la aswè a. Mwen vle remèsye tou piblik la ki akonpaye nou aswè a. Premyèman, mwen vle remèsye Prezidan Robinson nan yon mo espesyal paske li te vizite Biwo Santral la semèn pase. Prezidan Robinson ak mwen te gen yon chans deplase nan plizyè etaj biwo santral la pou remèsye moun yo pou travay yo, tandè plis sou priorite yo ak enkyetid yo ak lide yo konsènan amelyorasyon. Pandan demach nou an, nou te gen chans pou nou swiv reyinyon ant Depatman Transpò ak Transdev, vizite avèk fanmi yo nan Sant Akèy Nouvo Enskrip yo, anplwaye Resous Zimèn k ap dirije sant apèl pou nouvo anplwaye ak anplwaye aktyèl yo, "bullpen" nan Biwo Ansèyman ak Enfòmasyon Teknoloji yo ki toupre ak sèvè distri a, epi pou w aprann plis enfòmasyon sou planifikasyon sezon ete STEM ak sezon livè timoun yo. Mwen vle remèsye espesyalman ekip biwo santral la. Se te yon gran privilèj pou nou wè anpil nan responsab nou yo anime ak fyète pandan yo t ap prezante epi diskite sou travay yo. Pandan vizit nou an, nou te kapab konstate nou tout te konsantre, pou rezoud pwoblèm ki enpòtan yo, epi nan apwofondisman travay la, sèvis kliyantèl la nan mitan chak entèraksyon nou te obsève. Mèsi pou sèvis kontinyèl ou ak devouman w pou timoun ak fanmi yo nan vil Boston. Prezidan Robinson ak mwen pral pwograme sesyon adisyonèl nan jou k ap vini yo epi nou pran angajman pou rete angaje ak sistèm nou an ak responsab lekòl yo pandan tout sezon ete a.

Depi nan dènye reyinyon komite lekòl nou an, distri a te kòmanse aktivman yon travay enpòtan nan repons sou Plan Amelyorasyon Sistemik la. Mwen vle presize Plan Amelyorasyon Sistemik DESE a gen pou objektif, espesyalman, pou asire BPS respekte angajman enpòtan yo, objektif dokiman sa a pi enpòtan pou akselere kalite refòm sistemik ki nesèsè atravè òganizasyon nou an. Mwen kontan anonse nominasyon Monica Hogan kòm Asistan Siveyan nan Estrateji Done ak Aplikasyon pou dirije akò ki dekri ant Vil Boston, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE), ak BPS. Nan wòl li, Monica pral responsab pou sipèvize aplikasyon an ak siveyans Plan Amelyorasyon Sistemik Distri a (SIP) avèk DESE, ansanm ak planifikasyon, kowòdinasyon ak egzekisyon estrateji done Distri a, epi mete aksan sou amelyorasyon desizyon y ap pran ak responsabilite pou avanse misyon BPS la. Mwen kontan anonse tou, Apryl Clarkson te dakò pou sèvi kòm Direktè Egzekitif Pwovizwa Done ak Responsablite.

Nou konnen gen yon kantite dat limit k ap vini 15 out e n ap travay di pou asire nou respekte yo. Mwen te souliye angajman sa yo ki gen pou rive 15 Out sou [slide](#) sa a epi mwen pare pou pataje, mwen konplètman konfyan n ap respekte dat limit yo ki endike pou mwa Out la. Nou te kreye kèk gwoup travay entèn, entèfonksyonèl pou asire nou ap fè pwogrè nan chak sèt domèn estratejik ki dekri nan SIP la. Mwen vle mete kominote a ajou sou pwogrè ak preparasyon nou nan chak domèn sa yo.

Nan Sekirite Elèv yo, nou te kòmanse pwosesis rekritman pou odit ki obligatwa. N ap lanse yon nouvo Liy Asistans BPS pou paran ak fanmi yo rele, poze kesyon epi rapòte pwoblèm yo. Chak pwoblèm gen yon rapò ki anrejistre nan sistèm nou an, ki pèmèt nou swiv epi kontwole swivi yo. N ap afiche twa pozisyon tou semèn sa a (yon angajman ki dwe fèt nan kòmansman mwa septanm) pou kontwole epi reponn ak plent ki vini atravè Sistèm Rezolisyon Pwoblèm DESE a,

13 Jiyè 2022
oswa PRS la.

Anrapò ak edikasyon espesyal, ekip legal nou an ap revize yon politik ak manyèl pwosedi ki ajou epi n ap planifye pou sesyon PD mwa Out pou anplwaye lekòl yo. Pwosesis rekritman te kòmanse tou pou yon ekip revizyon edikasyon espesyal.

Nan transpò, nou te kòmanse pwosesis rekritman pou evalyasyon dyagnostik ki nesèsè anvan 15 out. Pita mwen pral pataje plis detay nan rapò mwen an sou amelyorasyon n ap fè nan transpò pou asire nou pare pou premye jou lekòl la.

Ekip enstalasyon an sou wout pou l konplete revizyon enstalasyon twalèt yo epi gen yon plan pou renovasyon ki nesèsè yo.

Pou elèv k ap aprann anglè yo, nou sou wout pou konplete plan estratejik la. Nou konnen nou te gen defi pou nou swiv aksè nan sèvis lang anglè kòm yon pati nan kondisyon rapò a bay Depatman jistis, epi y ap travay pou asire nou fè amelyorasyon ki nesèsè yo pou reyalize etap enpòtan sa a. Sa a espesyalman vrè nan mwa Oktòb ki se dat limit pou premye rapò nou an bay Depatman Jistis la.

Dat done elèv k ap aprann plizyè lang - Slide sa a egzamine done rapò Depatman Jistis nou an pou SY 2021-2022. Done sa yo montre BPS te rapòte pi wo nivo konfòmite nan mwa mas pase septanm. Menmsi se vre nou bezwen demontre konfòmite 100% pou elèv k ap aprann plizyè lang ak elèv ki gen andikape yo, nou bezwen abòde tou baryè sistèmik yo ki afekte done rapò Oktòb nou yo.

Nou te angaje nan yon kantite envestisman ak inisyativ nou kwè ki pral sipòte amelyorasyon nou yo pou rapò Depatman Jistis Otòn 2022 a:

- Ogmante kapasite ak sipò nan Biwo Edikasyon plizyè lang ak Miltikiltirèl yo (OMME) nan domèn konfòmite. Mwen pral remake egalman nou te fè anpil envestisman nan ansèyman ak aprantisaj pou sipòte tranzisyon nou an, plis ansèyman nan lang natif natal nan BPS.
- Modèl sipò rejyonal ki pral entegre sipò OMME ak Biwo Edikasyon Espesyal, pami lòt resous, dirèkteman nan estrikti rejyonal Siveyan Lekòl yo ap dirije.
- Aprantisaj pwofesyonèl pou responsab etablisman yo nan atelye lidèchip mwa Out la
- Bay anplwaye OMME dirèkteman nan lekòl yo pandan fen mwa Out la ak kòmansman mitan mwa septanm nan pou sipòte ak konseye direktè lekòl yo ak ekip yo sou fason pou pi byen deplwaye resous yo epi antre done yo.

Mwen pral fè yon mizajou ki pi detaye nan reyinyon espesyal Komite Lekòl la pu mwa Out anvan dat limit 15 Out la, epi nou pral fè mizajou peryodik sou sitwèb nou an ki gen ladan tout memo ak zafè nou pral soumèt bay DESE kòm yon pati nan pwosesis sa a nan www.bostonpublicschools.org/strategicprogress.

Aprè sa, mwen vle fè yon mizajou aprantisaj pou sezon ete BPS la. Pwogram Aprantisaj BPS pou etel a genyen yon seri bon jan kalite opòtinite akademik ak pwogram pou elèv nan chak nivo klas atravè distri a. Gen plis pase 111 Pwogram yo ofri pandan sezon ete sa a, ki se yon

13 Jiyè 2022

ogmantasyon 20% òf pandan sezon ete 2021 an. Nou gen plis pase 14,000 elèv ki enskri nan diferan pwogram ete nou yo - plis pase 6,700 elèv ki enskri nan pwogram aprantisaj ete 5yèm trimès la, plis pase 3,400 elèv ki enskri nan rekiperasyon kredi lekòl segondè, 2,700 elèv ki nan ane lekòl pwolonje (ESY), ak 1,250 elèv ki enskri nan pwogram patikilye EL (malgre gen plis pase 4,100 elèv EL ki enskri atravè tout pwogram yo!) Pwogram aprantisaj ete 5yèm trimès la ak rekiperasyon kredi nan lekòl segondè yo te kòmanse Madi pase, epi Ane Lekòl Pwolonje te kòmanse semèn sa a. Nou te tandè kòmantè ki ekstrèmman pozitif pou semèn nan. Ekip aprantisaj pwolonje nou yo te vizite sit Mildred Ave, Lee School, Margarita Muniz, Orchard Gardens, Blackstone, King ak Hennigan epi yo pral vizite etablisman yo semèn pwochèn ak pandan tout sezon ete a. Nou te wè koòdonatè etablisman yo te kreye yon nouvo pwosesis enskripsyon pou elèv yo lè yo itilize kòd QR ak telefòn paran yo pou senplifye enskripsyon yo epi mennen elèv yo kote yo bezwen an pi vit! Nou te obsève pwomnad elèv ak fanmi yo ki deja an aksyon ak vwayaj nan klas Eastie Farms nan East Boston ak yon pwomnad fanmi ak Courageous Sailing, kote yon manman pataje eksperyans navigasyon l (an Espanyòl) "Nou, ansanm ak Amanda trè kontan ak pwogram lan epi nou te kontan anpil! Mèsi!" Jis jodi a, klas jadendanfan yo te resevwa cheni vivan pou aprann sou sik lavi papiyon yo (rete branche pou dat kap sòti yo!)

Etandone premye semèn pwogramasyon an te kontinye gen anpil mouvman ak fanmi ki toujou ap enskri ak elèv ki soti nan lis datant pwogram yo, ak yon desizyon resan pou kenbe enskripsyon yo ouvè pou yon lòt semèn, done prezans yo pral egzamine seryezman semèn pwochèn. Kòm anekdot, nou vrèman satisfè pou prezans ak pwogram nou te vizite yo, yo te nan 80% oswa plis.

Rekritman te yon defi nan de aspè. Nou toujou rekrute enfimyè ranplasan pou 8 lekòl. Nan pwovizwa a, kowòdonatè yo te resevwa fòmasyon sou premye swen, yo konnen ki kote pou jwenn aksè nan tès PPE ak Covid, epi ki moun pou yo rele pou rezoud yon pwoblèm sante. Nan sa ki konsène karans edikatè, n ap travay ak Boston After School ak Beyond pou ranplase edikatè ki ta ka malad epi asire nou gen ranplasan ki baze nan Bildung lan.

Aprè sa, mwen vle fè yon mizajou sou preparasyon pou transpò a jan li konsène Lekòl Ete a ak kòmansman lekòl la. Pou ete a, transpòtasyon Hub Stop nou an te dewoule san pwoblèm. Pwogram yo ap mete aksan sou enpòtans pou rive alè nan kote ki te asiye yo pou ogmante kantite elèv ki gen aksè nan otobis yo. Anplis de sa, tout elèv yo te transfere nan ESY. Gen 260 otobis, ki sikile nan 880 wout endividyèl, epi tout wout ki pwograme yo gen chofè espesyal. Yo te rele tout chofè ak monitè yo pou raple yo enpòtans ki genyen pou rive alè nan trajektwa yo. Pèsonèl sipò distri Transdev ak BPS pral deplwaye nan lekòl yo pou favorize debakman ak chajman efikas otobis la nan lokal pwogram yo. Sèvis Asistans Telefonik Transpò a konpoze ak 24 reprezantan sèvis kliyan yo ak 3 manm pèsonèl operasyon yo, epi fanmi ki fè pati pwogram Ane Eskolè Pwolonje a kapab swiv otobis yo atravè aplikasyon Where's My School Bus App. Nou angaje egalman nan planifikasyon pou premye jou lekòl nan mwa septanm. Kontrèman ak ane lekòl ki pase a, nou antre nan ete ak yon kontra ki ratifye ant Transdev ak sendika chofè otobis nou an. Kontra sa a gen ladann yon kantite amelyorasyon operasyonèl ki pi byen prepare Transdev pou l reponn ak pwoblèm transpò reyèl BPS dwe reponn yon fason ijan e imedyà. Ekip planifikasyon wout nou an ap konsantre sou konsolidasyon wout. Y ap revize kantite trajè otobis yo te genyen ane pase a epi y ap chèche fason pou diminye kantite otobis yo atravè operasyon an. Nou te aplike egalman yon gwoup travay ak OIIT, Transdev, Edikasyon Espesyal

13 Jiyè 2022

ak Sèvis Akèy. Gwoup travay sa yo ede nan amelyorasyon kalite done devwa elèv yo pou fasilite wout ki pi efikas, epi nou te ajoute yon pozisyon done adisyonèl pou sipòte travay enpòtan sa a. Pou sipòte rekritman chofè yo, yo bay nenpòt moun ki anboche ak kalifikasyon konplè 4,000\$ Bonis Enskripsyon, epi n ap bay egalman 1,000\$ pou anplwaye ki refere kandida yo nan yon pòs. Nou te konstwi egalman pwòp ekip chofè nou. Transdev ap ofri kounye a yon pwogram fòmasyon CDL pou kandida ki enterese vin chofè otobis. Aktyèlman 23 kontwolè ap swiv pwogram nan, sa ki ka pèmèt rekritman 23 chofè otobis siplemantè pou sistèm nou an. Nou te ogmante efò rekritman kontwolè bis yo. Nou ogmante kantite afich travay yo lè nou kolabore ak Biwo Resous Zimèn lan epi pataje yo sou rezo sosyal yo pou asire yon pwosesis anbochaj efikas ki senplifye.

Mwen te vle konkli egalman ak yon mizajou sou anbochaj pou pwochen ane lekòl la, espesyalman pou responsab lekòl yo, pwofesè yo ak parapwofesyonèl yo. Pou responsab lekòl yo, nou te konplete 17 anbochaj ak yon lòt rekritman annatant nan Charlestown High School. Pa gen okenn pozisyon pou responsab etablisman ki pa ranpli nan moman sa a yon fwa nou fè anons pou lidè etablisman an nan Charlestown High School. Pou pwofesè yo, kounye a nou gen anviwon 250 pòs edikatè ki vid atravè sistèm nan. Nou te rekrute 742 pwofesè epi 254 lòt annatant aktyèlman. Byenke kantite pòs ki disponib yo pi elve nan nivo sa pou ane sa pase ane dènyè, nou gen plis nouvo pozisyon ane sa a pase ane pase akòz envèstisman FY 23 nou an. Mwen vle note anpil nan asistan yo te anplwaye nan pozisyon ansèyman. Sa vrèman pozitif an tèm kwasans ak devlopman. Sa vle di nou gen plis pòs vid, nou prevwa konble yo pita nan ete a, paske lidè lekòl yo bay priyorite ak finalizasyon rekritman pwofesè yo anvan yo konsantre sou rekritman asistan yo. Nou gen tout men yo sou biwo pou trete epi entegre rekritman yo pou ete sa. N ap travay egalman ak nouvo espesyalis ki lisansye yo pou asire moun yo gen sa yo bezwen pou yo otorize nan okipe pozisyon yo. M ap kontinye kontwole anplwaye ak transpò yo epi m ap asire sipò pou biwo santral ak responsab etablisman yo. Mwen gen konfyans nan preparasyon nou pou 1ye jounen lekòl la epi mwen espere prezantasyon fòmèl yo pou Komite Lekòl la sou sijè sa a.

Se la rapò mwen an fini.

Doktè Alkins te mande plis enfòmasyon sou efò distri a ap fè pou rekrute ak sètifye pwofesè pou Aprenan Anglè yo ak Elèv andikape k ap Aprann Anglè. Doktè Echelson te di BPS ap fè patenarya ak yon kantite kolèj ak inivèsite lokal ki ofri pwogram pou edikatè bileng ak konsantrasyon sou pwogram bileng yo. Doktè Alkins te mande si gen plan pou elaji pwogram rezidans pwofesè Boston. Doktè Echelson te dakò pou l suiv plis enfòmasyon.

Madam Lopera te mande plis enfòmasyon sou yon fèb preyokipasyon Doktè Echelson te soulve konsènan kapasite distri a pou devlope yon sistèm pou asire tout elèv k ap aprann Anglè yo resevwa tout ansèyman ak aksè apwopriye nan enstriksyon kontni nivo klas la. Doktè Echelson te pale sou kompleksite rasanbleman done egzat e definitif pou Depatman Jistis la anvan 1ye oktòb, e li te ajoute jiskaske li gen yon pi bon tandans nan modèl enskripsyon yo ak kote yo gen bezwen pèsònèl, li p ap sèten travay la sou bon chemen.

Mesye O'Neill te mande Dr Echelson refleksyon jeneral li sou Plan Amelyorasyon Sistemik lan (SIP). Doktè Echelson te di li pral enpòtan pou rèspekte referans DESE yo, e li ajoute BPS bezwen chanje fason li fonksyone. Li te pale sou priyorite li kòm Siveyan Enterimè,

13 Jiyè 2022

espesyalman asire pwogram ete ki efikas, yon ouvèti lekòl san pwoblèm, sipòte tranzisyon nouvo siveyan an, epi etabli baz chanjman fondamantal atravè biwo santral la.

Mesye O'Neill te poze kesyon sou amelyorasyon transpò. Direktè Transpò a, Delavern Stanislaus, te mete aksan sou nouvo estrateji rekritman yo, ansanm ak anpil refòm ki garanti nan nouvo kontra ant Transdev, founisè transpò distri a ak sendika chofè otobis yo.

Mesye Cardet-Hernandez mande si BPS ap ofri oswa anvizaje ofri bonis rekritman pou ranpli pòs ki vid yo, men se pa pou chofè otobis yo. Doktè Echelson te di kounye a distri a sèlman ofri bonis rekritman pou chofè otobis yo, li ajoute li pral konsilte ekip li a epi retounen nan Komite a ak plis reflkesyon. Mesye Cardet-Hernandez te ankouraje distri a pou l pran yon apwòch rekritman agresif e kreyatif. Apresa, li te poze kesyon sou nouvo pozisyon verifikatè entèn ak sou direksyon pwovizwa nan Biwo Kontabilite ak Done yo (APD). Doktè Echelson te eksplike nan kad SIP la, DESE pral rekrute yon verifikatè entèn pou BPS anvan 15 out. Demann pou Pwopozisyon (RFP) te pibliye yè. Kesyon sou lidèchip nan ODA. Doktè Echelson te di li te asire ODA a pral plen anplwaye yo epi eksprime kontantman l paske Apryl Clarkson te dakò sèvi kòm Direktè Egzekitif Pwovizwa ODA.

Li eksprime yon sans ijans, Madam Polanco Garcia te ankouraje BPS pou kolabore ak yon Gwoup Travayè k ap Aprann Anglè yo (ELL) nan objektif pou bay yon plan pou aprenan lang anglè ki gen bezwen espesyal. Doktè Echelson te dakò yo bezwen an ijans. Li te deklare dapre SIP, BPS pral kreye yon plan estratejik pou Elèv k ap Aprann Anglè yo, ansanm ak Biwo Edikasyon Espesyal la, anvan 15 Out. Apre yon pwosesis angajman kominotè an otòn, nouvo siveyan an pral prezante plan final EL la bay Komite Lekòl la pou yon vòt nan mwa oktòb, epi ak yon vòt sou plan final Edikasyon Espesyal la an novanm.

Madam Polanco Garcia te poze kesyon sou amelyorasyon twalèt yo. Doktè Echelson te deklare BPS te fè yon lis lekòl ki bezwen renovasyon twalèt, epi li pral utilize endis opòtinite yo ak zouti planifikasyon ekite rasyal la pou priyorez travay sa yo.

Doktè Alkins te mande yon mizajou nan ankèt sou Lekòl Mission Hill K-8 Pilot. Doktè Echelson te deklare, aktyèlman l ap revize yon pwòje sou rapò nan dezyèm faz ankèt la ki konsantre sou aksyon endividyèl anplwaye lekòl yo. Rapò sa a ap rete konfidansyèl. 3yèm faz nan rapò a, egzamine aksyon responsab biwo santral la, li an preparasyon aktyèlman. BPS p ap pibliye okenn konklizyon konsènan pèfòmans responsab biwo santral yo. Doktè Echelson te pwomèt pou l rann totalman transparan nan mwa kap vini yo rezilta rapò a ki gen pou wè ak echèk sistemik ki te konsène sityasyon nan Mission Hill School.

Mesye Cardet-Hernandez poze kesyon pou klarifye sou pwosesis RFP pou oditè entèn lan. Asistan Siveyan nan Estrateji ak Aplikasyon Monica Hogan te di BPS te mande opinyon ak pwopozisyon nan men plizyè machann. Rive 15 out, BPS pral antre nan twa kontra diferan: youn pou edikasyon espesyal; youn pou sekirite elèv yo, ak youn pou transpò. Mesye Cardet-Hernandez te mande distri a fè yon mizajou nan pwochen reyinyon Komite Lekòl la.

13 Jiyè 2022

Madam Robinson te poze kesyon sou mezi sekirite ak prevansyon COVID pou ete ak otòn. Doktè Echelson te di li menm ak ekip li ap travay ansanm ak Komisyon Sante Piblik Boston pou kontwole pousantaj COVID yo, y ap prepare yon kòmansman ane lekòl ki asire.

Madam Robinson poze biwo santral la kesyon konsènan rejyon eskolè yo. Doktè Echelson te di nouvo estrikti a, ki gen nèf rejyon yo pral kapab pi byen fonksyone ak kolaborasyon ki nesèsè pou jwenn yon amelyorasyon siyifikativ atravè BPS.

Apwouve- Nan apèl nominal, komite a apwouve an blòk, rapò siveyan pwoviswa.

Madam Robinson te anonse Komite a pral modifiye pwogram lan, pandan li pral deplase prezantasyon MIAA apre kòmantè piblik la, epi li pral repwograme vòt la nan reyinyon komite lekòl la, 10 Out 2022.

KÒMANTÈ JENERAL PIBLIK LA

- Ketsy Caraballo, rezidan Dorchester ak paran UP Academy Dorchester, te sètifye pou sipòte renouvèlman kontra UP Academy Dorchester.
- Marisol Roach, rezidan Dorchester ak paran UP Academy Dorchester, te deklare li sipòte renouvèlman kontra UP Academy Dorchester.
- John Mudd, rezidan ak avoka nan Cambridge, te afime konsènan òganizasyon Komite Eskolè a.
- Sharon Hinton, rezidan ak Avoka nan Hyde Park, te pale konsènan kèk pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon.
- Bethlehem Ghidey, rezidan Roxbury ak paran nan BPS, te pale konsènan enkyetid ki gen rapò ak fizyon yo pwopoze nan lekòl elemantè Russell ak Clap.
- Mike Heichman, rezidan Dorchester ak manm Boston Education Justice Alliance (BEJA), te pale konsènan yon seri pwoblèm ki gen rapò ak edikasyon.

PWEN ENTÈVANSYON YO

Apwouve - Nan apèl, Komite a te apwouve sibvansyon total \$13,336,632.

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk aplikasyon pou renouvle kontra Mann In-District Charter School, Boston Day & Evening Academy pou peryòd 2021-2026.

Apwouve - Nan apèl nominal, Komite a te apwouve an blòk aplikasyon pou renouvle kontra Horace Mann In-District Charter School, Edward M. Kennedy Academy pou pwofesyonèl Lasante pandan peryòd 2021-2026.

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk aplikasyon pou renouvle kontra Horace Mann In-District Charter School, UP Academy Dorchester pou peryòd 2021-2026.

Apwouve - Nan apèl nominal, komite a te apwouve an blòk modifikasyon konsènan kontra Boston Green Academy pou peryòd 2021-2026: Pwotokòl datant A; ak Plan Responsablite.

13 Jiyè 2022

RAPÒ

Nouvo Manm Asosyasyon Atletik Entèskolè Massachusetts (MIAA) - Siveyan Adjwen Operasyon Sam DePina ak Direktè Atletik Avery Esdaile te mande Komite Lekòl la apwouve nouvo Manm Asosyasyon Atletik Entèskolè Massachusetts (MIAA) pou lekòl sa yo, efektif pou Ane Lekòl 2022-2023.

- Boston Akademi Atizay
- Edward M. Kennedy Academy pou Karyè Lasante
- McCormack/UCLA 7-12
- Rezo Lekòl Altènatif BPS
 - Akademi Teknik pou granmoun Boston
 - Boston Lajounen & Aswè
 - Boston Kolaborasyon
 - Kominote Akademi
 - Gran Egleston

Yon vòt afimatif nan Komite Lekòl la ta asire tout lekòl segondè BPS yo kounye a se manm MIAA epi yo gen opòtinite pou jwenn aksè nan espò lekòl segondè a. Yon vòt pwograme pou 10 out 2022.

Mesye Cardet-Hernandez te pale sou enpòtans pou entegre opinyon elèv yo nan èd atletik distri a, sitou pou tifi yo.

Mesye DePina te eksplike Madam Lopera elèv 7yèm ak 8yèm ane nan lekòl 7yèm-12yèm ka patisipe nan pwogram espòtif lekòl yo. BPS ofri opòtinite pou elèv atlèt yo patisipe, oswa fòmè yon ekip ki gen elèv ki soti nan divès lekòl.

Mesye O'Neill te mande prezantatè yo sou leson yo te aprann nan yon sitiyasyon pi bonè ane sa a lè kèk elèv atlèt pa t kapab patisipe nan konpetisyon paske BPS pa t depoze dokiman ki apwopriye nan MIAA. Mesye DePina te di pandan Komite a apwouve aplikasyon yo te soumèt aswè a, tout lekòl segondè BPS yo pral anrejistre nan MIAA. Anplis de sa, lidè BPS yo rankontre kounye a ak lidè MIAA yo chak mwa epi BPS ap ogmante anplwaye li yo nan depatman espò la. Anrapò ak pwoblèm transpòtasyon, Mesye DePina te di BPS ap eksplòre opsyon transpò ki kreyatif tankou achte kamyon pou elèv atletik yo.

Madam Robinson te poze kesyon sou opòtinite atletik pou jèn elèv yo. Mesye Esdaile te di ekip li a ap travay ak responsab lekòl primè yo ak lyezon fanmi yo pou elaji opòtinite atletik ak amelyore kominikasyon. Mesye DePina te di travay distri a nan konfigirasyon klas yo pral gen

13 Jiyè 2022

ladan pwogram feeder nan nivo elemantè ak lekòl presegondè ansanm ak pwogram lekòl segondè yo.

Komite a pwograme pou vote sou pwopozisyon manm MIAA yo nan dat 10 out 2022.

RANKONT

Rankont ki gen rapò ak estrikti ak pwosesis reyinyon komite lekòl yo - Madam Robinson te eksplike nan preparasyon pou nouvo ane eskolè a, sou lidèchip yon nouvo siveyan ak retou an pèsòn yo prevwa nan reyinyon an otòn, li ta renmen konsakre tan sou planifikasyon reyinyon ete komite a pou bay manm yo opòtinite pou reflechi sou kisa k ap mache /oswa ki pap mache an tèm estrikti ak pwosesis la jan li gen rapò ak reyinyon Komite Lekòl la.

Gen kèk nan tèm manm yo te pataje ki enkli:

- Yon dezi pou gen yon dyalòg pi natirèl
- Tan sifizan pou done ak rapò yo
- Fè kòmantè piblik yo gen plis sans pou kominote ak komite a
- Sèvi ak manm komite lekòl la yon fason ki pi estratejik

Madam Robinson te sijere manm yo revize [Regleman 2012 Komite a sou Règ pou Kòmantè ak Konduit Piblik nan Reyinyon Komite Lekòl yo](#), ki prevwa yon peryòd pou kòmantè piblik pou inèdtan nan kòmansman reyinyon an, swivi ak yon lòt opòtinite pou piblik la fè kòmantè apre rapò a.

Mesye Cardet-Hernandez te eksprime sipò pou sijesyon John Mudd te souleve pandan kòmantè piblik yo, ki enkli kolaborasyon ak kontni ekspè deyò BPS. Li te pale sou enpòtans pou manm yo resevwa enfòmasyon alè epi li te sijere klèman, moman kote komite a dwe resevwa mizajou regilye sou SIP ak DESE.

Doktè Alkins te repete kòmantè Mesye Cardet-Hernandez sou yon enfòmasyon opòten ak ekspè ki enplike yo. Li rekòmande pou Komite a konsantre pou fè mwens bagay byen epi kenbe priyorite santral li yo kòm yon rapèl vizib.

Madam Robinson te rekòmande pou Komite a konsidere aplikasyon yon estrikti kote yon reyinyon chak mwa konsantre sou siveyans rezilta elèv yo ak yon reyinyon ki konsantre sou aktivite regilye komite a, pa egzanp kondisyon legal, mizajou, elatriye. Li te sijere pou manm yo resevwa materyèl de semèn anvan reyinyon komite yo. Doktè Echelson te angaje l pou l

13 Jiyè 2022

travay ak ekip la pou l finalize, tradui epi afiche materyèl yo sou entènèt anvan reyinyon yo pou pèmèt prezantasyon ki pi kout epi pèmèt plis dyalòg nan reyinyon yo. Li te note DESE te dekri etap enpòtan ki espesifik pou mizajou distri komite lekòl la.

Mesye Cardet-Hernandez sijere komite a rezève plis tan nan ajanda li yo pou pwoblèm ki afekte edikasyon espesyal ak elèv k ap aprann anglè yo.

Mesye O'Neill te raple pou nouvo manm yo kèk nan fason manm komite lekòl yo te angaje ak kominote a deyò reyinyon komite yo, tankou reyinyon ak gwoup moun ki konsène yo epi patisipe nan sesyon konpreyansyon siveyan yo. Li sijere manm yo ka vle konsidere pou òganize kèk èdtan pou kafe / pou biwo swa endividyèlman oswa an ti gwoup. Doktè Alkins te ekspri sipò pou sijesyon lè biwo a, e li te ajoute komite a ta dwe jwenn fason pou l pwofite ekspètiz manm yo nan yon fason ki pi estratejik.

Madam Polanco Garcia te di fanmi ki fè kòmantè piblik yo souvan, chèche repons pou enkyetid ki pa adrese anba estrikti kounye a. Li te pale sou reta li te jwenn nan resepsyon dokiman ki tradui an espanyòl yo. Li te ekspri yon dezi pou ede fanmi ki manke alfabetizasyon nan pwòp lang yo e li ankouraje komite a pou travay pi sere avèk fanmi yo ak òganizasyon kominotè yo. Madam Robinson te dakò, e li ajoute kolaborasyon sa a dwe fèt yon fason ki òganize e ekita.

Madam Lopera te di kòmantè piblik la pa toujou totalman reprezantatif nan kominote BPS la, sa ki fè li enpòtan pou fanmi yo gen plizyè fason pou jwenn aksè manm komite yo.

Dr Alkins fè apèl a Madam Lopera nan kòmantè yo. Li te sijere komite a ka vle konsidere fè reyinyon nan divès katye kòm yon estrateji angajman. Madam Robinson te di istorikman, efò similè yo bay yon trè fèb pousantaj patisipasyon. Li te sijere pito òganizasyon kominotè yo òganize komite a nan lè yo pwograme reyinyon regilye yo. Li te di nan pwochen reyinyon komite a, li ta renmen manm yo diskite sou sa ki reprezante yon angajman nan tan rezonab pou manm komite lekòl la, rekonèt manm yo se volontè ki gen travay ak fanmi yo.

Mesye Tran te sijere materyèl reyinyon yo dwe afiche piblikman yon semèn alavans, sa ki ogmante posibilite pou prezantasyon yo gen ladan yon vèsyon senplifye ak yon vèsyon konplè.

Madam Robinson te sipòte sijesyon Mesye Tran. Li te ekspri egalman sipò pou sijesyon mesye Mudd pou rapò distri yo bay komite a dwe estriktire yon fason ki pèmèt yon tyè nan tan sou done yo, yon tyè sou aprantisaj leson yo, ak yon tyè sou rekòmandasyon yo. Doktè Echelson te di BPS bezwen konsantre sou prèv nan sa k ap fonksyone jis pou asire yon retou nan investisman. Sa gen ladann plis konsantrasyon sou aplikasyon ak ekzekisyon, ansanm ak vizyon.

Doktè Alkins te sijere pou prezantasyon yo gen ladan istwa ki dèyè done yo, tankou kesyon san repons nan objektif pou ankouraje refleksyon ak diskisyon.

Mesye Cardet-Hernandez te di li espere tande opinyon piblik la nan reyinyon an aswè a.

Madam Robinson te rezime tèm yo nan reyinyon komite a ki enkli yon dezi pou kòmantè piblik ki plis siyifikatif, rapò ki gen plis sans, ak yon aksan sou amelyorasyon kontinyèl.

13 Jiyè 2022

Doktè Alkins te remèsye Doktè Cassellius paske li te bati yon fondasyon solid pou BPS.

KÒMANTE PIBLIK LA SOU RAPÒ YO

Suleika Soto, rezidan South End, paran nan BPS, ak manm Boston Education Justice Alliance (BEJA), te pale konsènan mezi prevansyon ak sekirite COVID an favè komite lekòl ki elijib la.

NOUVO AKTIVITE

Okenn.

KONKLIZYON REYINYON AN

Apwouve - Ozanviwon 8:32 p. m. Komite a te apwouve an blòk , nan apèl nominal, yon mosyon pou leve sesyon an.

Ateste:



Elizabeth Sullivan
Sekretè Egzekitif